

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran basa diwangun ku opat kaparigelan, nu ngajadikeun basa bisa dipaké jalma pikeun komunikasi, ngawengku: (1) kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*); (2) kaparigelan nyarita (*speaking skills*); (3) kaparigelan maca (*reading skills*); jeung (4) kaparigelan nulis (*writing skills*). Éta kaparigelan téh mangrupa hiji beungkeutan nu biasa disebut *caturtunggal* (Tarigan, 2008, kc. 2), teu bisa dipisahkeun sarta kudu dilaksanakeun sacara saimbang.

Salah sahiji kaparigelan basa nu dilatih jeung dimekarkeun sarta boga peran penting dina kaparigelan basa nya éta nulis. Nulis mangrupa kagiatan éksprésif sarta kagiatan komunikasi teu langsung. Kagiatan nulis mangrupa kagiatan nu kacida pentingna, saking pentingna kiwari kagiatan nulis jadi pangajaran di sakola tingkat dasar nepi ka paguron luhur. Sawatara éta kagiatan nulis teu cukup di tepikeun di sakola kagiatan nulis kudu diasah ku diri sorangan, éta hal lantaran kagiatan nulis moal datang sorangan, tapi kudu ngaliwatan latihan sarta prakték anu dilakukeun sacara tuluy – tumuluy. Nurutkeun Tarigan (2008, kc. 22), nétélakeun yén nulis nya éta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma nepi ka jalma lian bisa nyangkem éta basa. Kagiatan nulis paling saeutik dipakéna dina aktivitas komunikasi sapopoé dibandingkeun jeung aspek kaparigelan basa nu séjénna . Jadi di antara opat kaparigelan nu ngawangun basa, kaparigelan nulis mangrupa kagiatan nu paling saeutik dipaké sanggeus kagiatan ngaregepkeun, nyarita jeung maca.

Dina basa jeung sastra sunda kagiatan nulis geus diwanohkeun ti abad ka 16 kénéh, ieu hal dibuktikeun tina pamanggih naskah - naskah sunda, prasasti sarta karya sastra kuno nu gumelar di tatar sunda jaman harita, dina sababaraha sastra kuno nu kapanggih aya di antarana karya sastra wangun pupuh. Pupuh nya éta karangan puisi mangrupa dangding anu teu kawilang panjang, sarta eusina teu ngawujud carita

naratif, (Iskandarwasid dina Koswara, 2013, kc. 74). Kiwari pupuh mangrupa salah sahiji pangajaran nu ditepikeun di sakola tingkat SMP, jeung SMA. Siswa mimiti diwanohkeun kana pupuh nalika di SMP sanggeus diwanohkeun satuluyana siswa ditungtut kudu bisa nulis sarta maca pupuh kalayan bener sarta luyu jeung kaedah unsurna. Tapi dina kanyataanana nulis pupuh jadi kagiatan anu ahéng, nya éta nyampak pasualan pasualan nu disanghareupan siswa nalika prakték nulis pupuh. Antukna pangajaran nulis pupuh teu bisa ditepikeun kalawan *maksimal* ieu hal di lantarankeun ku sababaraha aspék di antarana : (1) kurangna minat siswa kana nulis pupuh, (2) kiwari teu sakabéh siswa wanoh kana pupuh, (3) teu ngawasa kana unsur penting dina pupuh, Sarta (5) faktor guru nu kurang alus ngatur pangajaran pupuh.

Dumasar kana hal nu diébréhkeun di luhur dicindeken yén kagiatan nulis pupuh mangrupa kagiatan nu kacida pentingna tapi dina enas enasna, siswa kurang daria dina ngaguar poténsina. Pikeun ngungkulanna nya éta peran guru salaku pangajar kudu bisa nepikeun pangajaran sacara kreatif, variatif sarta ngarojong sumanget siswa dina nulis pupuh. kusabab kitu pangajaran nulis pupuh bisa ditepikeun kalayan maksimal. Pikeun mantuan guru nalika pangajaran di antarana ngagunakeun modél pangajaran anu luyu jeung matéri, tapi saestuna modél pangajaran teu salilana luyu jeung matéri ajar. Dina prinsipna modél pangajaran nu dianggap panghadéna nya éta modél pangajaran nu luyu jeung tujuan nu rék dihontal.

Kiwari loba pisan modél pangajaran nu geus dimekarkeun ku para ahli. kalawan efektif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa. Salah sahijina nya éta modél *Student Team Achievement Division* (STAD). STAD mangrupa model pangajaran *Cooperative* atawa modél pangajaran kelompok, nu diwangun kelompok siswa hétérogén, ieu modél nungtut siswa sangkan silih rojong sarta silih deudeul jeung batur sakelompokna.

Ieu panalungtikan téh lain panalungtikan anu munggaran, tapi geus aya panalungtikan nu sarupa, di antarana *Modél STUDENT TEAM ACHIEVMENT DIVISION* (STAD) dina pangajaran narjamahkeun kana basa sunda skirpsi Meti Kusmayanti (0902373) (studi kuasi ékspérimén ka siswa kelas X – 1 SMA negeri 9

Bandung taun ajaran 2012/2013), mahasiswa jurusan bahasa daerah Universitas Rifal Lukmanul Hakim, 2017

**MODÉL STUDENT TEAM ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PUPUH**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pendidikan Indonesia, dijudulan Modél *STUDENT TEAM ACHIEVEMENT DIVISION (STAD)* dina pangajaran nulis aksara sunda (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-A SMK Negeri Pertanian Pembangunan Cianjur Taun Ajaran 2014/2015). Ku Isri Sasmita mahasiswi jurusan bahasa daerah,

Nyoko kana masalah nu disanghareupan siswa dina nulis pupuh, panulis kairut ngagunakeun ieu model pikeun dilarapkeun kana kaparigelan nulis pupuh. Kusabab kitu ieu panalungtikan di anggap penting pikeun di laksanakeun kalawan di béré judul Modél *Student Team Achievment Division (STAD)* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pupuh (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa kelas VIII B SMP Negeri 27 Bandung taun ajaran 2017/2018 )

## **1.2 Indéntifikasi, Watésan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Sangkan panalungtik museurkeun masalah nu rék di talungtik, perlu ayana watesan. Identifikasi masalah dina ieu panalungtikan nya éta nalungtik éféktif henteuna modél *Student Team Achievment Division (STAD)* dina pangajaran nulis pupuh ngagunakeun pupuh kinanti siswa di SMP Negeri 27 Bandung taun 2017/2018.

- 1) Kamampuh nulis pupuh ngawengku: watek pupuh, guru lagu, guru wilangan, gaya basa, pilihan kecap jeung adegan basa saméhméh jeung sabada ngagunakeun modél *Student Team Achievment Division (STAD)*
- 2) Modél *Student Team Achievment Division (STAD)* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pupuh.

### **1.2.2 Rumusan Masalah**

Nulis pupuh jadi salah sahiji kompetensi dasar nu aya di kelas dalapan, dina kompetensi dasar ditétélakeun, siswa ditungtut sangkan bisa nulis wawacan, sisindiran jeung pupuh. Dumasar kana identifikasi masalah dirumuskeun rumusan masalah, dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis pupuh siswa kelas VIII-B SMP Negeri 27 Bandung

taun ajaran 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél pembelajaran *Student Team Rifal Lukmanul Hakim, 2017*  
**MODÉL STUDENT TEAM ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PUPUH**

*Achievement Division (STAD) ?*

- 2) Kumaha kamampuh nulis pupuh siswa kelas VIII- B SMP Negeri 27 Bandung taun ajaran 2017/2018 sabada ngagunakeun modél pembelajaran *Student Team Achievement Division (STAD) ?*
- 3) Naha aya beda nu signifikan antara kamampuh nulis pupuh saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pembelajaran *Student Team Achievement Division (STAD) ?*

### **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Ieu panalungtikan boga tujuan nu gedé pikeun balaréa khususna dina dunya atikan. dicindekeun ieu panalungtikan téh kana dua tujuan nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### **1.3.1 Tujuan Umum**

Sacara umum tujuan nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji modél *Student Team Achievement Division (STAD)* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis pupuh siswa kelas VIII B SMP Negeri 27 Bandung taun ajaran 2017/2018.

#### **1.3.2 Tujuan Husus**

Luyu jeung tujuan umum ieu panalungtikan téh miboga tujuan khusus ngadeskripsikeun :

- 1) kamampuh nulis pupuh siswa kelas VIII B SMP Negeri 27 Bandung taun ajaran 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél pembelajaran *Student Team Achievement Division (STAD)*;
- 2) kamampuh nulis pupuh siswa kelas VIII B SMP Negeri 27 Bandung taun ajaran 2017/2018 sabada ngagunakeun modél pembelajaran *Student Team Achievement Division (STAD)*; sarta
- 3) naha aya beda nu signifikan antara kamampuh nulis pupuh saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pembelajaran *Student Team Achievement Division (STAD)*.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Rifal Lukmanul Hakim, 2017

**MODÉL STUDENT TEAM ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS PUPUH**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### 1.4.1 Manfaat Teoritis

Manfaat teoritis dina ieu panalungtikan nya éta: pikeun ngeuyeuban pamahaman kana modél pangajaran. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun modél pangajaran nulis pupuh di sakola. Leuwih legana deui bisa méré manfaat nu gedé dina dunya atikan dina ngahontal proses jeung tujuan diajar, khususna pikeun ngaronjatkeun kaparigelan siswa dina nulis pupuh.

### 1.4.2 Manfaat Praktis

- a) Pikeun guru, nambahan pangaweruh sarta kaparigelan dina nepikeun pangajaran ka siswa, sarta maham kana kakurangan jeung kaleuwihan siswa dina ngawasa matéri ajar. Lian ti éta, diharepkeun siswa leuwih resep ka guru sabab dina nepikeun pangajaran teu pikabosenen sarta ngahudang sumanget siswa.
- b) Pikeun siswa, bisa nyieun suasana anyar dina diajar, sanggeus na maké métode ieu siswa leuwih kairut sarta bisa ngaronjatkeun kaparigelan nulis pupuh. Siswa leuwih wani maju sarta ngomong di hareup, bisa sosialisasi jeung babaturana ku cara gawé bareng diskusi jeung babaturan sakelompokna.
- c) Pikeun panalungtik, Sangkan panalungtik bisa ngaévaluasi sabada modél *Student Team Achievement Division* dilarapkeun ka siswa dina prosés pangajaran, sarta nambahna pangaweruh ngeunaan pangalaman prakték langsung di lapangan.

## 1.5 Sistematika tulisan

Skripsi ieu ngawengku lima bab nyaéta ieu di handap

Bab 1 medar kumaha kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manfaat panalungtikan sarta hal hal naon waé nu ngawengku dina ieu skripsi nu dibungkus dina sistematika penulisan

Bab 2 medar tiori ngeunaan modél pangajaran *Student Team Achievement Division* (STAD), nulis pupuh, jeung léngkah-léngkah modél pangajaran *Student Team Achievement Division* (STAD) dina pangajaran maca pupuh, raraga mikir, jeung hipotésis panalungtikan, panalungtikan saméméhna anu rélevan jeung widang anu

ditalungtik, kalungguhan tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan, sarta hipotésis tina ieu panalungtikan.

Bab 3 ngeunaan métodologi panalungtikan, anu ngawengku sumber data panalungtikan, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan oprasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sarta téhnik nganalisis data.

Bab 4 hasil jeung pedaran, anu ngawengku hasil panalungtikan, sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab 5 Kacindekan jeung Saran Eusi dina ieu bab nya éta ngawengku kacindekan jeung saran pikeun panalungtikan salajengna.